# दिनांक 05/02/2026 के कार्यकारणी के बैसारक कार्यवाही

कार्यकारिणी बैसार समितिक अध्क्ष श्री विवेकानंद झाक अध्यक्षता में संपन्न भेल । सर्वप्रथम गत कार्यकारणी दिनांक 04/12/2025 के कार्यवाही पढ़ी कय सुनाओल गेल तकरा कार्यकारणी द्वारा सम्पुष्टि प्रदान कयल गेल ।

ततपश्चात सचिव द्वारा गत कार्यकारिणीक लेले गेल निर्णय सबहक़ अनुपालन प्रादेवदन प्रस्तुत कयल गेल ।

1. डॉ जयमंत मिश्रक शतवार्षिकी समारोहपूर्वक 16 दिसंबर 2025 कय मनाओल गेल। जाहि में कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यलयक पूर्व कुलपति श्री शशिनाथ झा, कुलसचिव श्री त्रिपाठी जी, प्रो0 रत्नेश्वर मिश्रा, डॉ रामानंद झा रमण, संस्कृत शिक्षा बोर्ड के अध्य्क्ष श्री मृतुन्जय झा आ अन्य अनेक विद्वत जन भाग लेलनि। डॉ जयमंत मिश्रक सुपुत्री श्रीमती प्रो इंदिरा झा अपन उदगार में कार्यक्रम पर प्रसन्नता व्यक्त केलनि।

2. मिथिला भवनक तृतीय तल पर निर्माण कार्यक प्रगति हेतु भेंडर चयनक सूचना देल गेल जे चयनित भेंडर के कार्य हेतु एकरारनामा हस्ताक्षर कराओल गेल अछि आ काज करवाक आदेश जारी कयल गेल अछि।

3. संगीत संध्या कार्यक्रमक आरम्भ भ गेल अछि से जानकारी देल गेल।

4. मैथिली अकादमिक हेतु धरना कय चर्चा भेल आ स्थितिक जानकारी देल गेल।

ततपश्चात कोषाध्यक्ष श्री श्रीनारायण झाक द्वारा माह अक्टूबर-2025, नवंबर-2025, दिसंबर-2025 आ जनवरी-2026 माहक आय-व्यय विवरण प्रस्तुत कयल गेल। जकर आय-व्ययक विवरण निम्न अछि :-

| क्रमांक | माह | आय | व्यय |
|---|---|---|---|
| 1 | अक्टूबर 2025 | 707258.00 | 670808.00 |
| 2 | नवंबर 2025 | 492260.00 | 812619.00 |
| 3 | दिसंबर 2025 | 684413.00 | 236877.00 |
| 4 | जनवरी 2026 | 359093.00 | 698758.00 |

तदुपरांत कार्यकारणी द्वारा निम्न कार्य सूचि पर विचार भेल –

1. मैथिली अकादमिक दुःस्थिति पर विचार करैत कार्यकारिणी एहि नतीजा पर पहुँचल जे अकादमिक स्थितिक पनर्स्थापना हेतु कानूनी लड़ाईक माध्यम सँ होयबाक चाही, तदर्थ कोनो नीक अधिवक्ता सँ विमर्श कय रीट फाइल करबाक चाही।

2. प्रतिमाह एकटा मिथिला हस्तशिल्प कलाक प्रदर्शनी सह विक्रय हाटक कार्यक्रमक श्रीमती मंजू झा, उपाध्यक्षक प्रस्ताव के कार्यकारिणी पारित कयलक आ एहि कार्य हेतु हुनके संयोजक मनोनीत कयल गेल।

3. विदुषी भारतीक जयंती वा स्मृति दिवसक हेतु तिथिक निर्धारणक प्रस्ताव पर विचारोपरांत 10 मार्चक तिथि आ स्मृति समारोह मनयवाक निर्णय लेल गेल।

4. श्री राकेश रौशन झाक नियुक्तिक स्वीकृति कार्यकारिणी द्वारा प्रदान कयल गेल।

5. जनकपुरधाम सँ आयल नाटकक मंचन हेतु आमंत्रण पर देसिल वयना नाटक भेजवाक प्रस्ताव पर सहमति प्रदान कयल गेल।

6. कार्यकारिणीक कार्यवाही के समितिक वेबसाइट पर प्रकाशित कयल जाय, ई कार्यकारिणी द्वारा निदेशित कयल गेल।

कार्यकारिणीक माननीय सदस्य श्री जय नारायण ठाकुर द्वारा प्रस्तावित शर्त जे शिवसिंह के उगना के रूप में नहीं देखाओल जाय तँ नाटकक मंचन हेतु चेतना समिति देसिल वयना जनकपुर धाम भेज सकैत अछि। शर्तक जानकारी नाटकक निर्देशक के दय देल गेलनि जकरा नहि मानवाक स्थिति में नाटक चेतना समिति द्वारा मंचित नहि भेल।

तदुपरांत निम्न आजीवन सदस्यक आवेदन के स्वीकृत प्रदान कयल गेल।

| क्रमांक | नाम | पता |
|---|---|---|
| 1 | श्री सम्पूर्णानन्द ठाकुर | फ्लैट नंबर - 104, ऋषव अपार्टमेंट, आशियाना दीघा रोड, पटना - 800025, मोबाइल 9431348234 |
| 2 | श्रीमती कंचन कुमारी | |
| 3 | श्री अमित कुमार | गांधीपुरम कॉलोनी, महुआबाग रोड, जगदेवपथ पटना 7710473153 |
| 4 | श्री शैलेन्द्र मोहन झा | महालक्ष्मी निवास जानकी पथ, मिथिला कॉलोनी, नासरीगंज, पटना - 800018, मोबाइल – 9835296305 |
| 5 | श्रीमती अर्चना झा | |
| 6 | श्री विद्याधर मिश्रा | फ्लैट नंबर - गणपति अपार्टमेंट, प्रियदर्शी नगर डी पी एस, दानापुर पटना – 801503, मोबाइल – 9834182990 |
| 7 | श्रीमती शिवानी मिश्रा | |
| 8 | श्री मुक्तिनाथ चौधरी | आदर्श कॉलोनी, शुभंकरपुर, दरभंगा – 846004, मोबाइल – 8271011362 |
| 9 | श्रीमती ज्योति कुमारी | |
| 10 | श्रीमती नीता झा | फ्लैट न। २०१, सनराइज अपार्टमेंट, नेहरूनगर पटना – 800013, मोबाइल –867708030 |
| 11 | श्री सुधीर कुमार झा | |
| 12 | श्री मणिकांत झा | श्री-१०८, शमशान कॉलोनी, शुभंकरपुर, दरभंगा , मोबाइल – 9431451489 |
| 13 | श्रीमती नीलम झा | |
| 14 | श्रीमती सीमा कुमारी | पार्वती मेसोन - २०४, सौभाग्य शर्मा पथ, रुकनपुरा, बेली रोड पटना, मोबाइल –9661110826 |
| 15 | श्री विवेकानन्द झा | |
| 16 | डॉ हरेंद्र मोहन झा | संकटमोचन कॉलोनी, मधुबनी, मोबाइल - 9431450938 |
| 17 | श्रीमती प्रतिभा झा | |

| | | |
|---|---|---|
| 18 | श्री सुशिल कुमार चौधरी | होटल लिली ग्रैंड, डाकबंगला चौराहा, पटना – 800001, मोबाइल – 9123166303 |
| 19 | श्रीमती मीनू चौधरी | |
| 20 | श्रीमती सुजाता मिश्रा | हाउस नंबर 320/बी, रोड नंबर – 1, वार्ड नंबर - 22 बी , पाटलिपुत्र कॉलोनी, मोबाइल – 9708769052 |
| 21 | श्री मुकेश कुमार झा | |
| 22 | श्री सुधीर चंद्र मिश्रा | ग्राम+पोस्ट - सौराठ उत्तर टोल , मधुबनी, मोबाइल – 9431348262 |
| 23 | श्रीमती सरिता मिश्रा | |
| 24 | श्रीमती इंदिरा झा | सप्ता, उतरवारी टोल, मधुबनी - 847211, मोबाइल – 7091082970 |
| 25 | श्री प्रभाष चंद्र झा | |
| 26 | श्री मोहननाथ मिश्रा | 304, ख्वाब रेजीडेंसी 3E, न्यू पाटलिपुत्र कॉलोनी - 800013, मोबाइल – 9934884567 |
| 27 | श्रीमती वीणा कुमारी | |
| 28 | श्रीमती प्रीति कुमारी | इंद्रपुरी, रोड नंबर -2/ए/21, पटना - 800024, मोबाइल - 9185467230 |
| 29 | श्री सीताराम राय | |

अंत में अध्यक्ष द्वारा सभ सँ अपील कयल गेल जे कार्यकरणिक बैसार में नियमिति आबी, यदि कोनो विशेष असमर्थता होय तँ सूचित करि नहि तँ संविधानक प्रावधानक अनुसार नियम लागू कय समीक्षा के उपरांत कार्यकारिणी सँ नाम हटायल जा सकैत अछि। पुनः सव गोटे सँ सहयोगक अपील करैत धन्यवाद देलैन।